

BAB V

KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG RÉKOMÉNDASI

5.1 Kacindekan

Nyoko kana rumusan masalah jeung hasil panalungtikan nu geus dipedar saméméhna, mangka bisa dijieun tilu kacindekan saperti di handap.

a. Unsur Sirnaan Kalimah

Unsur-unsur nu aya dina sirnaan kalimah sisindiran téh diantarana aya jejer (J), caritaan (C), udagan (U), katerangan (K), panglengkep (Pang.), jeung kecap panyambung (Pany.). Sakabéh unsur sirnaan nu ditalungtik téh dipasing-pasing kana dua wanda, nyaéta sirnaan tunggal jeung sirnaan jembar. Nu dimaksud sirnaan tunggal nyaéta unsur sirnaan dina sakalimahna ngan aya hiji, sedengkeun sirnaan jembar mah unsur sirnaanna aya dua atawa leuwih.

Sirnaan tunggal nu kapanggih aya opat, nyaéta:

- 1) sirnaan jejer [J];
- 2) sirnaan caritaan [C];
- 3) sirnaan udagan [U]; jeung
- 4) sirnaan panyambung [Pany.].

Sedengkeun sirnaan jembar nu kapanggih aya salapan rupa, nyaéta:

- 1) sirnaan jejer [J] + caritaan [C];
- 2) sirnaan jejer [J] + udagan [U];
- 3) sirnaan jejer [J] + katerangan [K];
- 4) sirnaan jejer [J] + panglengkep [Pang.];
- 5) sirnaan jejer [J] + panyambung [Pany.];
- 6) sirnaan udagan [U] + panyambung [Pany.];
- 7) sirnaan jejer [J] + caritaan [C] + panyambung [Pany.];
- 8) sirnaan jejer [J] + udagan [U] + panyambung [Pany.]; jeung
- 9) sirnaan jejer [J] + panglengkep [Pang.] + panyambung [Pany.].

Di antara unsur-unsur nu disirnaakeun, boh dina sirnaan tunggal boh dina sirnaan jembar, unsur sirnaan jejer paling réa kapanggih. Ieu hal patali jeung cara

Triya Nugraha, 2017

UNSUR SIRNAAN KALIMAH DINA BUKU SISINDIRAN JEUNG WAWANGSALAN ANYARKARYA DÉDY WINDYAGIRIPIKEUN BAHAN AJAR NULIS SISINDIRAN DI SMP KELAS VIII

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

sumebarna sisindiran, nyaéta sacara lisan. Nu ngaranna sumebar sacara lisan mah tangtuna éta kalimah téh diomongkeun langsung ku panyatur ka pamiarsana dina hiji situasi nu tangtu. Alatan kitu, réréana jejer kalimah nu nuduhkeun diri panyaturna (kuring), pamiarsana (manéh/maranaéh/manéhna), atawa barang séjén nu keur dicaritakeun téh langka disebutkeun sangkan kalimahna leuwih éféktif tur ngudag engang jeung purwakanti nu merenah.

b. Wanda Kalimah Sirnan

Wanda kalimah sirnaan dipasing-pasing dumasar prosés sirnaanna (délisi) kana tilu wanda, nyaéta:

- 1) délisi tékstual, dimana unsur sirnaanna bisa kapaluruh tina téksna;
- 2) délisi situasional, unsur sirnaanna kapaluruh upama nilik kana kontéks situasi kalimahna; jeung
- 3) délisi struktural, unsur sirnaanna kapaluruh nurutkeun pangaweruh ngeunaan struktur kabasaan.

Sakabéh prosés di luhur kapanggih dina prosés sirnaan unsur dina sisindiran. Prosés nu pangréana kapanggih nyaéta délisi situasional. Sakabéh sisindiran pasti dikedalkeun sacara langsung ku panyaturna dina hiji situasi nu tangtu, jadi teu merlukeun kalimah nu lengkep pikeun nepikeun pamaksudan si panyatur ka pamiarsana sabab geus nyampak kumaha situasina jeung kamana maksud si panyatur téh pasti kaharti ku pamiarsana. Ieu hal patali jeung lobana unsur jejer nu disirnakeun dina sisindiran. Unsur jejer réréana kapanggih dina délisi situasional sabab jarang dikedalkeun téa ku panyaturna sakumaha nu geus dipedar dina poin saméméhna.

Unsur nu kapanggih dina délisi tékstual mah rupa-rupa, bisa jejer, caritaanna, atawa kateranganna. Teu hésé maluruh unsur sirnaan sacara tékstual mah sabab bisa langsung kapaluruh tina téksna kénéh. Unsur sirnaan nu aya dina klausa kahiji, bisa kapaluruh tina klausa kaduana, kitu ogé sabalikna. Husus pikeun unsur sirnaan jejer [J] jeung udagan [U] mah kadang sok nempatan fungsi nu béda antara klausa kahiji jeung kaduana. Bisa waé dina klausa kahiji mah nempatan fungsi salaku jejer, tapi dina klausa kaduana salaku udagan.

Triya Nugraha, 2017

UNSUR SIRNAAN KALIMAH DINA BUKU SISINDIRAN JEUNG WAWANGSALAN ANYARKARYA DÉDY WINDYAGIRIPIKEUN BAHAN AJAR NULIS SISINDIRAN DI SMP KELAS VIII

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Délisi struktural mah patali jeung wangun kalimah sisindiranna nu mangrupa kalimah ngantét. Réréana unsur sirnaan nu kapanggih sacara struktural mah panyambungna [Pany.] nu langka dikedalkeun. Alesanna mah sarua waé jeung nu liana, salian pikeun ngudag engang jeung purwakanti, ogé pikeun ngaéféktifkeun kalimahna sangkan leuwih merenah nalika dikedalkeun.

c. Bahan Ajar

Patali jeung bahan ajar mah sigana leuwih cocok upama maké métodeu téks rumpang dina pangajaran nulis sisindiran. Naha bet milih pangajaran nulis? Sabab kalimah sirnaan mah leuwih gampang kapaluruhna nalika dina wangun téks tulisan. Upama dina pangajaran nyarita mah siswa bakal hésé nangkepna sabab kalimahna teu nyampak langsung, tapi kudu ditalar heula.

Téks rumpang sorangan mangrupa salah sahiji cara pikeun ngetés pangaweruh siswa ngeunaan struktur kabasaan dina sisindiran. Hal ieu luyu jeung kompetensi dasar nu kudu dipiboga ku siswa nurutkeun kurikulum 2013. Cara ngagunakeunna, siswa dibéré conto sisindiran jeung pedaranna, tuluy dibéré soal mangrupa kalimah sisindiran anu kalimahna teu lengkep pikeun dilengkepan ku siswa sangkan engang jeung purwakantina merenah.

Tangtuna éféktif henteuna bahan ajar ieu pikeun siswa téh teu leupas tina kamampuh pendidikna sorangan nu ngaping jeung ngarahkeun siswa sangkan bisa ngahontal kompetensi dasar. Saméméh ngajar, guru kudu nyiapkeun heula sagala rupa bahan ajar jeung métodeu pangajaranna sacara asak.

Bahan ajar sirnaan kalimah dina sisindiran bisa diajarkeun ku cara nitenan wangun sisindiran anu unsur-unsur kalimahna disirnakeun. Unsur sirnaan kalimah dina sisindiran téh aya nu sirnaan salancar (J, C, U, Pany.) jeung aya sirnaan jembar nu disirnakeunana leuwih ti hiji unsur saperti J-C, J-U, jeung sajabana.

5.2 Implikasi jeung Rékomendasi

a. Pikeun nu Maca

Saupama manggih kapansaran séjén ngeunaan unsur sirnaan kalimah, mugia jadi ku ayana ieu panalungtikan téh teu jadi alesan pikeun embung néangan

Triya Nugraha, 2017

UNSUR SIRNAAN KALIMAH DINA BUKU SISINDIRAN JEUNG WAWANGSALAN ANYARKARYA DÉDY WINDYAGIRIPIKEUN BAHAN AJAR NULIS SISINDIRAN DI SMP KELAS VIII

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

hal-hal séjénna, hususna nu patali jeung unsur sirnaan kalimah. Panalungtikan sorangan masih loba kahéngkéranna nu mana mungkin waé teu kapaliré ku panalungtikna. Ku kituna, kritik sareng saran ti pamaca ogé ditampi pisan pikeun ngaronjatkeun hasil panalungtikanna.

b. Pikeun Para Tokoh jeung Ahli

Panalungtikan ngeunaan unsur sirnaan kalimah ieu miboga sababaraha masalah, hususna mah patali jeung tiori-tiori ngeunaan kalimah transformasi jeung kalimah sirnaanna (délisi/élipsis) nu dijadikeun acuan pikeun nganalisis kalimah dina sisindiranna. Mugia ku ayana ieu panalungtikan, bisa jadi bahan anyar ogé pikeun para tokoh jeung ahli sangkan bisa medar jeung mekarkeun élmu pangaweruh ngeunaan kalimah sirnaan.

c. Pikeun Panalungtik Satuluyna

Ieu panalungtikan téh masih loba kahéngkéranna, sabenerna aya kénéh ulikan ngeunaan kalimah sirnaan anu can kapaluruh dina ieu panalungtikan, nyaéta ngeunaan luyu atawa henteuna éta unsur anu disirnakeun dumasar kana sipat jeung katangtuan dina kalimah sirnaan. Lian ti éta, pasti aya hal séjén deui nu bisa diulik tina sisindiranna sorangan. Mugia panalungtik salajengna bisa neruskeun ieu panalungtikan ku cara ngalengkepan ulikan nu teu sempet dipedar ku panalungtik saméméhna jeung nu ayeuna.